



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RÈGLEMAN POU AMELYORE KONTWÒL IZÒLMAN NAN TOUT PRIZON LOKAL YO

*Prizònye ki nan izòlman yo dwe gen dwa sòti nan selil la pandan katrèdtan  
chak jou*

*Epitou etablisman yo dwe rapòte tout desizyon ki gen kòm konsekans izòlman  
pwolonje oswa restriksyon sou sèvis esansyèl*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Komisyon Penitansyè Eta a (State Commission of Correction) pral sòti nouvo règleman pou amelyore kontwòl Eta a genyen sou kijan yo sèvi avèk izòlman nan prizon lokal yo. [Règleman](#) yo ak liy direktris ki koresponn avèk yo pou fè rapò yo pral egzije prizon yo pou yo bay moun ki nan izòlman yo omwen katrèdtan andeyò selil yo chak jou epi pou yo rapòte bagay ki annapre yo bay Komisyon an: tout desizyon ki mete yon moun nan izòlman pandan plis pase yon mwa; si yo mete yon moun pi jèn pase 18 an nan selil restriktif; ak si etablisman an mete restriksyon sou sèten sèvis oswa refize bay yo.

Gen gwo amelyorasyon ki deja fèt nan jan yo jere Inite Lojman Espesyal yo (Special Housing Units) nan prizon eta a alaswit yon akò istorik avèk Inyon pou Libète Sivil New York la (New York Civil Liberties Union). Règleman yo gen pou objektif amelyore jan yo jere inite sa yo nan prizon lokal yo gras a ranfòsman egzijans sou rapò yo, sa ki pral amelyore kontwòl Komisyon an genyen atravè enfòmasyon esansyèl pou gade si etablisman yo ap respekte lalwa.

“Avèk rapò piblik yo sou move itilizasyon ak abi izòlman, nouvo nòm sa yo pral pote inifòmite, responsabilite ak transparans ki nesèsè anpil nan pwosede a pou tout prizon lokal yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo nòm sa yo pral ede derasinan konpòtman inakseptab epi y ap apiye sou refòm enpòtan yo mete anplas nan prizon eta a, sa ki kreye yon nivo egal kalite ak jistis nan tout etablisman New York yo.”

Komisyon Penitansyè a se yon òganis eta a ki gen kòm gouvènman yon konsèy twa manm ke Gouvènè a nonmen epi ke Sena a konfime. Li tabli nòm minimòm yo pou jesyon etablisman penitansyè lokal yo pi li evalye, envestige, ak kontwole etablisman penitansyè lokal ak eta yo ak selil gadavi yo pou garanti konfòmite. Anplis de sa,

Komisyon an kontwole swen medikal etablisman penitansye yo ofri epi li envestige lanmò detni; li ede nan devlope nouvo etablisman penitansye; epi li apwouve tout konstriksyon ak renovasyon nan etablisman sa yo.

Kounye a kòm Komisyon an apwouve pwopozisyon règleman yo, yo dwe pibliye yo kounye a nan Rejis Eta a pou pèmèt piblik la kòmante, epi apre sa y ap kapab adopte yo. Règleman yo ak liy direktris ki koresponn avèk yo pou rapò yo ap egzije pou:

- Prizònye ki nan izòlman yo gen dwa sòti nan selil yo pandan katrèdtan chak jou, sòf si Direktè Jeneral prizon an detèmine ke fè sa ap konpwomèt sekirite ak bon lòd etablisman an. Direktè Jeneral la dwe revize detèminasyon sa a chak semèn jiskaske yo deside restriksyon an pa nesèsè ankò.
- Depi yo mete yon prizònye ki ansent, oswa yon moun ki gen mwens pase laj 18 an nan selil restriktif, keseswa pou rezòn disiplinè oswa poutèt lòt bagay, Direktè Jeneral la dwe revize desizyon an chak semèn jiskaske yo deside izòlman an pa nesèsè ankò.
- Depi yo mete yon moun nan izòlman pandan plis pase 30 jou, yo dwe rapòte sa bay Komisyon Penitansyè eta a. Si moun nan gen mwens pase laj 18 an oswa li ansent, yo dwe rapòte izòlman an kèlkeswa dire li.
- Depi yo mete restriksyon sou sèten sèvis esansyèl oswa yo refize bay nenpòt ki moun yo, yo dwe rapòte sa dis 24 èdtan bay Komisyon Penitansyè Eta a pou egzamen.

Anplis de sa, Komisyon an pral amande mwayen administratif li a pou mande done ak enfòmasyon nan men prizon lokal yo sou kijan yo loje ak trete popilasyon ki gen plis danje pou yo viktim yo nan etablisman sa yo, nan bi pwopoze plis refòm toujou.

**Prezidan Komisyon an Thomas Beilein te deklare,** “Komisyon an pran angajman garanti etablisman penitansye yo ap fonksyone yon fason san danje, estab ak san kriyote. Menm si segregasyon disiplinè oswa administratif gen dwa nesèsè pou kenbe sekirite prizònye yo, pèsonèl la ak piblik la, aplikasyon mezi sa yo dwe yon eksepsyon, pa yon règ. Règleman sa yo pral pèmèt Komisyon an kontwole prizon lokal yo yon jan pi efikas epi pi byen garanti tout moun ki an detansyon yo, avèk pami yo anpil k ap tann pwosè epi ki toujou prezime inosan, resevwa sèvis esansyèl ak tretman nan diyite ak respè.”

**Nicholas Turner, Prezidan ak Direktè Enstiti Jistis Vera a (Vera Institute of Justice), te deklare,** “Sispann itilizasyon jeneral izòlman ak lòt metòd segregasyon - ki touche yon fason dispwopòsyone jèn moun, moun ki gen maladi mantal, ak moun ki gen koulè - se yon bagay ki esansyèl pou ni sekirite nan prizon ni sekirite piblik la nan kominote kote moun yo pral retounen. Nou bat bravo pou efò òganis penitansye yo ak lòt pati enterese ki nan New York yo, tankou Komisyon Penitansyè Eta New York la, epitou sa ki nan tout peyi a k ap travay aktivman pou redwi itilizasyon li.”

Règleman sa yo apiye sou pwogrè ki akonpli gras a akò istorik New York te pase avèk Inyon pou Libète Sivil New York la sou lidèchip Gouvènè Cuomo an Desanm 2015. Akò a te gen kòm rezilta aplikasyon refòm pwofon sou plizyè ane nan jan Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominote a (Department of Corrections and Community Supervision) jere Inite Lojman Espesyal li yo. Nan mwens pase de lane, Depatman an rapòte yon rediksyon 24 pousan nan kantite prizònye k ap pije sanksyon nan selil espesyal ak yon diminisyon 16 pousan nan dire mwayen sejou yon prizònye nan yon selil Lojman Espesyal.

Depi l pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te mete amelyorasyon sistèm jistis penal ak jistis jèn yo an priyorite. Non sèlman Gouvènè an jwenn siksè nan jefò li fè pou ogmante laj responsabilite kriminel la a 18 an, pi bonè ane sa a, men Inisyativ li a, “Travay pou Siksè” (Work for Success Initiative), te ede plis pase 18,000 ansyen prizònye jwenn travay apre yo lage yo. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te fòme premye Konsèy leta pou Re-Antre e Re-entegrasyon Kominotè (Council on Community Re-Entry and Reintegration) an 2014 pou pran ka obstak ansyen prizònye yo konfronte lè yo retounen nan sosyete a. Depi lansman li, Konsèy la ede fè plizyè chanjman pou amelyore re-antre, sòti nan adopte prensip “Anbòch San Patipri” (“Fair Chance Hiring”) osen ajans leta, rive nan bay konsèy ki entèdi diskriminasyon baze sou kondanasyon sèlman pou lojman New York finanse.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418